



THE CITY OF NEW YORK

DEPARTMENT OF HEALTH AND MENTAL HYGIENE

Michael R. Bloomberg
Mayor

Thomas R. Frieden, M.D., M.P.H.
Commissioner

nyc.gov/health

Dat : _____

Chè Paran oswa Responsab :

N ap fè w konnen ke gen yon timoun nan klas pitit ou a ki gen pou nan tèt li. Anjeneral, konn gen pou nan tèt elèv. Lè yon timoun gen pou nan tèt, sa pa vle di li pa pwòp, epi nenpòt moun ka genyen pou. Pou pa kòz enfeksyon, ni yo pa reprezante yon danje pou sante yon moun.

Pou pwopaje nan kontak dirèk yon moun gen ak lòt moun ki gen pou, oswa lè moun mete rad yon lòt moun ki gen pou. Pou nan tèt lakòz gratèl, jeneralman nan dèyè tèt, kou oswa dèyè zòrèy moun lan. Gen plizyè bon krèm ak chanpou adispozisyon w ke w ka achte san preskripsyon, oswa ak yon preskripsyon doktè ba w.

Lekòl nan vil Nouyòk gen règleman "San Pou nan tèt", ki vle di ke tout elèv ki gen pou nan cheve oswa nan po tèt yo pa gen dwa vin lekòl pazavan yo trete yo. Apre tretman an, y ap pèmèt yon timoun retounen lekòl si lè yo tounen kontwòle tèt li, yo wè li pa gen pou nan tèt li ankò.

Òganizasyon nasyonal tankou *American Academy of Pediatrics*, *American Public Health Association* ak *National Association of School Nurses* andose règleman "San Pou nan tèt". Sistèm eskolè nan tout peyi a adopte avèk siksè menm règleman sa yo.

N ap rekòmande w pou w raple pitit ou a pou l pa sèvi avèk bagay pèsònèl lòt elèv, tankou bwòs, peny oswa chapo.

Si w gen nenpòt lòt kesyon, tanpri kontakte doktè w oswa enfimyè lekòl la nan

_____.